

MEMORANDÒM

POU: Komite Lekòl la

DE: Eva Mitchell, Chèf Ofisye Kontabilite

CC: Sipèentandant Brenda Cassellius
Asistan Sipèentandan Drew Echelson
Chèf Ekip Mary Dillman
Konseye Prensipal Megan Costello

DAT: 27 Out 2021

RE: Plan pou Finansman Sekou Dijans pou Lekòl Primè ak Segondè

Jan nou te diskite nan prezantasyon ki te fèt 30 jen devan Komite Lekòl la, Lekòl Piblik Boston (BPS) pral resevwa \$400 milyon nan Fon Sekou Dijans pou Lekòl Primè ak Segondè a (*Elementary and Secondary Schools Emergency Relief*) (ESSER) sou pwochen twa lane yo.

Aktyèlman nou nan dènye etaj yo nan finalize plan ESSER II nou ke nou te distribye 8 jiyè 2021 pou kòmantè piblik. Plan sa te fèt pou li sèvi kòm yon plan pou nou akselere efò pou nou fe elèv yo retounen an sekirite, rekipere nan enpak pandemi a, epi o menm tan re-imagine kijan nou sèvi elèv yo ak kominote a nan pwosesis la. Plan ESSER II nou an fonde nan Plan Stratejik BPS senk lane ki dirije pa kominote a. Nou te pwofite de plis fidbak nou te resevwa nan angajman avèk plis pase 1500 aksyonè, sa enkli 35 sesyon avèk fanmi yo ak kominote BPS pi laj la, 6 reyinyon de Komisyon ESSER a, ak 4 reyinyon de Komisyon Elèv la, enfòmè pa seri de angajman sa a, nou te kontinye ap fòme estrateji ESSER a.

Nou te depoze demann nou pou finansman ESSER II bay Ministè Lekòl Primè ak Segondè a (*Department of Elementary and Secondary Schools*) (DESE) 30 jiyè 2021, avèk opsyon an pou nou amande bidjè a annatandan finalizasyon Plan an. Nou espere nou pral resevwa yon distribisyon de \$123 milyon nan fon ESSER II an septanm 2021.

An preparasyon pou yon vòt de Komite Lekòl la 22 septanm pou nou resevwa fon DESE pou nou aplike plan ESSER a, nou pral ba w yon mizajou nan reyinyon Komite Lekòl la ki pral fèt 1e septanm.

Mizajou 1e septanm nan pral genyen ladan li enfòmasyon sou evolisyon Plan ESSER II a, pwosesis angajman k ap vini pou ESSER III, ak kijan n ap travay pou nou asire transparans, responsabilite ak efikasite pou nou retounen, rekipere epi re-imagine BPS. Nou konte sou tout fidbak avan nou ale pi devan avèk (1) final *Plan ESSER II Retounen ak Rekipere* nou an, (2) potansyèl amannman nan bidjè pou demann DESE date 30 jiyè a, (3) demann nou pou distribye fon ESSER III ke nou pral depoze bay DESE avan 4 oktòb 2021, ak (4) *Plan ESSER III Rekipere ak Re-imagine* nou an.